

## BAB III

### MÉTODE JEUNG TÉHNIK PANALUNGTIKAN

#### 3.1 Méthode jeung Téhnik Panalungtikan

##### 3.1.1 Méthode Panalungtikan

Pikeun ngahontal tujuan panalungtikan anu dipiharep, sarta saluyu jeung aturan-aturan nu aya, diperlukeun hiji métode anu saluyu. Hiji analogi, lamun urang hayang nepi ka Jakarta kalawan gancang tangtu kudu ngagunakeun stratégi anu jitu. Salah sahiji carana, urang kudu naék kendaraan, bisa mobil, kapal, jeung bisa kendaraan lianna.

Istilah métode asalna tina kecap *methodos*, basa Latén nu hartina tarékah, stratégi, atawa siasat pikeun maham kana kanyatan (Koentjaraningrat, 1997: 7). Dumasar léngkah-léngkah anu sistematis pikeun ngungkulan masalah-masalah dina hiji panalungtikan. Numutkeun Surakhmad (1985: 131), métode nya éta cara utama anu digunakeun pikeun ngahontal tujuan. Dina gurat badagna mah métode téh digunakeun pikeun ngahontal tujuan ngaliwatan hiji tarékah atawa cara sangkan hasilna saluyu jeung anu dipiharep.

Ieu panalungtikan téh miboga udagan ngaguar kumpulan sajak anu judulna *DM* karya Acép Zamzam Noor ditilik tina aspék gaya basa anu dipaké ku panyajak, sarta ajén-ajén anu nyamuni dina gaya basa sajak-sajakna. Ku kituna, métode anu dianggap luyu pikeun ngaguar ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif analitik. Méthode deskriptif analitik nya éta salah sahiji métode dina panalungtikan kualitatif nu bisa dipaké pikeun ngadéskripsikeun atawa ngagambarkeun fakta-fakta jeung réalita ku cara nganalisis, ngahandingkeun,

ngagambarkeun fakta-fakta jeung réalita ku cara nganalisis, ngabandingkeun, maham, jeung nétélakeun. Lian ti éta, métode déskriptif analitik téh bisa dipaké pikeun ngungkulan pasualan-pasualan anu aktual ku cara ngumpulkeun, nyieun papasingan, jeung nyurahan atawa nganalisis, (Alwasilah: 2003)

### **3.1.2 Téhnik Panalungtikan**

Téhnik panalungtikan anu digunakeun ngawengku dua téhnik, nya éta, ieu di handap.

#### **3.1.2.1 Téhnik Ulikan Pustaka.**

Ieu téhnik nya éta nilik, niténan, tur ngulik kana sajumlahing sumber pustaka saperti dokumén buku atawa sumber tinulis séjénna nu aya patalina jeung panalungtikan (Moleong, 1991: 113-114). Dina ieu panalungtikan buku anu pangheulana ditilik tur dititénan eusina nya éta buku kumpulan sajak *DM* karya Acép Zamzam Noor. Salian ti éta, buku-buku anu aya pakitna jeung élmu sastra, buku ngeunaan métodologi pangalungtikan sastra, jeung buku-buku ka-Islaman.

#### **3.1.2.2 Téhnik Analisis Data (Téks)**

Téhnik analisis data pancénna pikeun milah-milah data anu geus kapanggih tina sumber pustaka saperti dokumén atawa sumber tinulis séjénna, (Arikunto, 2002: 209). Dina ieu panalungtikan, téhnik analisis data atawa téks nya éta pikeun ngaguar téks anu kapanggih dina kumpulan sajak *DM* karya Acép Zamzam Noor. Sanggeus dibaca

tuluy dipaluruh gaya basa naon waé anu nyampak dina éta kumpulan sajak, dikaji naon waé ajén ka-Islaman anu nyampak dina gaya basa, jeung naon téma anu kapanggih dina judul-judul sajak *DM*.

### 3.2 Sumber Data

Alwasilah (2003: 155), nyebutkeun yén sumber data anu mangrupa dokumén jeung catetan-catetan séjénna diperlukeun pisan dina hiji panalungtikan. Satuluyna, Guba jeung Lincoln dina Chaedar ngabédakeun antara dokumén jeung *records*. Ari *records* mah sagala catetan tinulis, anu disiapkeun ku saurang atawa lembaga pikeun ngabuktikeun hiji kajadian atawa pikeun ngadadarkeun *perhitungan*, sedengkeun dokumén mah nya éta barang tinulis atawa 'terfilmkan' salian *records* anu henteu disiapkeun, husus dumasar paménta panalungtik. Anu kaasup dokumén nya éta surat, mémoar, data diri, jurnal, buku, téks, jeung sajenisna.

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta kumpulan sajak *DM* karya Acép Zamzam Noor. Tina éta kumpulan sajak ditangtukeun sajak-sajak anu ngandung gaya basa sarta dianggap minangka populasina. Sanggeus kakumpul sawatara gaya basa, panyusun milah jeung milih gaya basa naon waé anu ngandung ajén atawa gagasan ka-Islaman.

### 3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumen panalungtikan nya éta alat anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngagampangkeun panalungtikan. Instrumen dina ieu panalungtikan ngagunakeun kartu data. Dina éta kartu data ditangtukeun sababaraha katangtuan, diantarana:

1. nomer urut;
2. ungkara gaya basa; jeung
3. sumber data anu dijerona aya puisi (P), pada (pa), jeung jajaran (ja).

3.3.1 Tabél kartu data saperti ieu di handap.

| 1.                    | 2.                               | 3.                                   |
|-----------------------|----------------------------------|--------------------------------------|
| <b>Nomer<br/>urut</b> | <b>Ungkara<br/>gaya<br/>basa</b> | <b>Sumber<br/>data<br/>(P/pa/ja)</b> |

Keterangan: P = judul sajak

pa = padalisan

ja = jajaran

### 3.4 Data Wanda Gaya Basa

Pikeun ngagampangkeun panalungtik dina nganalisis gaya basa anu nyampak dina kumpulan sajak *DM*, panyusun baris ngadata wanda gaya basa, di antarana:

- a. mijalma;
- b. rarahulan;
- c. lalandian;
- d. ngumpamakeun;
- e. ngasor;
- f. kadalon;
- g. ébréhan;
- h. silib; jeung
- i. gaya basa-gaya basa lianna.

### 3.5 Populasi jeung Sampel

#### 3.5.1 Populasi

populasi nya éta sajumlahing objék panalungtikan, bisa mangrupa manusa, peunteun ujian, barang, jeung kajadian-kajadian lianna (Surakhmad, 1994: 93).

Populasi dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh sajak anu aya dina kumpulan sajak *DM* karya Acép Zamzam Noor anu jumlahna aya 46 judul sajak, nu diterbitkeun ku CV. Geger Sunten Bandung, citakan munggaran bulan Désémber taun 1993.

### 3.5.2 Sampel

Sampel nya éta sabagéan atawa sakabéh populasi anu baris ditalungtik, sarta dianggap répréséntatif tina populasi éta (Surakhmad, 1994: 93)

Sampel anu baris digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta acak atawa random, dicokot 78,2% tina sakabéh jumlah sajak anu jumlahna aya 46 judul sajak. Anu dijadikeun bahan panalungtikan mah ngan 36 judul sajak wungkul. Ieu di handap daftar tabél sampel judul sajak anu kapilih pikeun bahan panalungtikan.

#### 3.5.2.1 Judul Sajak Minangka Sampel tina Kumpulan Sajak *DM*

| NO. | JUDUL SAJAK                 | KACA BUKU |
|-----|-----------------------------|-----------|
| 1.  | LANSKAP                     | 9         |
| 2.  | SUTAM                       | 10        |
| 3.  | BĒJA TI SALAWU              | 11        |
| 4.  | DUA SAJAK PONDOK KEUR SIMPĒ | 12        |
| 5.  | CATETEN KEUR CIPASUNG       | 13        |
| 6.  | CATETAN NOPĒMBĒR            | 14        |
| 7.  | SOLITUDE                    | 15        |
| 8.  | CIPASUNG                    | 16        |
| 9.  | NGAJI                       | 17        |
| 10. | BURON                       | 18        |
| 11. | NYUNGSİ                     | 19        |

|     |                     |    |
|-----|---------------------|----|
| 12. | DI ROHANG PAMERAN   | 20 |
| 13. | CATETAN HIJI KONSÉR | 21 |
| 14. | JAWABAN TI LEMBUR   | 22 |
| 15. | TEMBANG             | 23 |
| 16. | PEUTING GEGERKALONG | 24 |
| 17. | ANJEUN              | 25 |
| 18. | CATETAN KATIGA      | 26 |
| 19. | BANDUNG-SURABAYA    | 28 |
| 20. | CINTA               | 31 |
| 21. | LAUT BEUREUM JEDDAH | 32 |
| 22. | ADAN MADINAH        | 33 |
| 23. | CEURIK ADAM         | 34 |
| 24. | ARAFAH              | 35 |
| 25. | MINA                | 36 |
| 26. | DAYEUH MATAPOË      | 37 |
| 27. | INVERNO             | 42 |
| 28. | PRIMAVERA           | 43 |
| 29. | ESTATE              | 44 |
| 30. | DI HIJI HOTEL, ROMA | 48 |
| 31. | CATETAN APRIL       | 49 |
| 32. | VILLA LA COLOMBELLA | 50 |

|     |                                       |    |
|-----|---------------------------------------|----|
| 33. | LAGU MOJANG TURKI                     | 51 |
| 34. | PERUGIA                               | 52 |
| 35. | LALAMPAHAN PĒNDĒK JEUNG<br>ITALOSVEVO | 57 |
| 36. | LUHUREUN UMBRIA                       | 60 |

### 3.6 Léngkah-léngkah Garapan Panalungtikan

Léngkah-léngkah garapan dina ieu panalungtikan téh dibagi jadi lima tahap nya éta.

#### 3.6.1 Tatahar

Dina tatahar, prak-prakkanana anu munggaran pisan ngumpulkeun sumber pusaka nu rék ditalungtik. Sumberna nya éta buku kumpulan sajak *DM* karya Acép Zamzam Noor, buku téori ngeunaan métodologi panalungtikan karya ilmiah leuwih husus deui buku ngeunaan métodologi panalungtikan kualitatif. Saterusna buku téori ngeunaan sastra. Satuluyna macaan sumber data *DM* macaan deui buku-buku séjenna anu geus dikumpulkeun kalawan gemet, ngararancang watesan jeung rumusan masalah. Sanggeus éta bérés kakara ngasongkeun judul panalungtikan ka pihak Jurusan



### 3.6.2 Ngumpulkeun Data

Sanggeus bérés tatahar, nuluykeun kana tahap ngumpulkeun data. Data ieu panalungtikan nya éta kumpulan sajak *DM* karya Acép Zamzam Noor. Pangpangna mah sajak nu leubeut ku gaya basa sarta leubeut ku gagasan atawa ajén ka-Islamanana. Satuluyna maca kagemblengan éta kumpulan sajak, sarta nangtukeun judul-judul anu rék ditalungtik.

### 3.6.3 Nganalisis Data

Sanggeus kapanggih sakabéh data anu diperlukeun, satuluyna dianalisis dumasar téhnik anu geus ditangtukeun. Langkah-léngkah anu dipersiapkeun nya éta,

- niténan deui sakabéh data;
- milah-milah data anu geus kapaluruh;
- méré tanda judul sajak anu nuduhkeun tur ngarojong kana gaya basa anu baris dipaluruh jeung gagasan ka-Islaman dina gaya basa anu geus kapaluruh;
- nangtukeun ajén-ajén atawa gagasan nu nyampak dina sajak-sajak anu geus kapaluruh; jeung
- nataan téma-téma dina sajak anu geus dipilih.

#### **3.6.4 Nyieun Kacindekkeun.**

Tahap anu saterusna nya éta nyieun kacindekkan tina hasil panalungtikan anu dijerona téh ditambahan ku saran ti panyusun.

#### **3.6.5 Nyusun Laporan. Panalungtikan**

Tahap satuluyna dina ieu panalungtikan nya éta nyieun laporan panalungtikan dina wangun skripsi anu salawasna diaping ku Dosén Pangaping I jeung Dosén Pangaping II.

